

Konpetans konpetitif Pwogram Bousdetid



Kisa Pwogram Bousdetid Konpetitif la ye?

Pwogram Bousdetid pou Konpetans Konpetitif (CSSP) ka ede avèk finansman ak sèvis sipò ki nesèsè pou pouswiv pwogram ki mennen nan yon degre de ak kat ane oswa jwenn kalifikasyon endistri ki bay djòb nan anpil karyèkonikyan demann ak gwo nan Maine.

Asistans Finansye ak Sèvis Sipò

Bousdetid Konpetans Konpetitif la ede moun ki kalifye yo ak depans ki pa kouvri pa èd finansye oswa lòt bousdetid. Anplis de ekolaj ak frè, patisipan ki gen revni admisib yo ka resevwa asistans ak sipò ki nesèsè pou swiv kou etid la tankou:

- Gadri
- Transpò
- Liv, materyèl, zouti, ekipman, inifòm ki obligatwa
- Reparasyon oto
- Odinatè, si sa nesèsè pou pwogram fòmasyon
- Bous pou fòmasyon chak mwa

- Ou ka kalifye pou Bousdetid konpetans konpetitif si ou:
- Se yon rezidan nan Eta Maine
- Gen omwen 18 ane oswa mwens pase 18 ane si w se yon gradye nan lekòl segondè
- Ap pouswiv edikasyon oswa fòmasyon pou yon travay ki gen yon salèelve, pouokipasyon kian demann
- Pa gen yon diplòm apre lekòlsegondè oswa yon kalifikasyon endistri a rekonèt ki ka komèsyalizasyon nan Maine.
- Gen kapasite pou antreprann epi konplete pwogram, edikasyon oswa fòmasyon an
- Gen yon revni ki mwens pase 200 pousan nan nivo povrete federal la pou gwosè fanmi an

Kesyon yo poze souvan

Kisa ki konsidere kòm yon gwo salè, okipasyon kian demann?

Travay sa yo gen yon salè mwayèn nan oswa salè mwayèn kipiwo pou tout okipasyon yon nan Maine epi yo prevwa pou gen omwen 35 òftravay chak ane. Gade lis okipasyon ki gen salè elvenan Maine Department of Labor nan www.myworksourcemaine.gov/pages/competitive-skills-scholarship-program-cssp

Konbyen mwen ka espere resevwa?

Si w elijib, ou ka resevwa jiska \$6,000* pou chak ane pwogram pou yon elèv aplentan ak \$3,000* pou chak ane pwogram pou yon elèv atan pasyèl dapre bezwen ki pa satisfè ak sipò yo mande yo. Ou ka kalifye pou yon sibvansyon chak ane ou rete nan pwogram fòmasyon ou. *Montan sa yo pa enkli depans pou gadri oswa alokasyon fòmasyon chak mwa.

Èske mwen oblije remèt li?

Bousdetid Konpetans Konpetitif la se yon sibvansyon, men se pa yon prè, epi ou pa oblije ranbouse l apre pwogram ou an fini.

Kijan pou mwen kòmanse?

Vizite www.myworksourcemaine.gov/pages/competitive-skills-scholarship-program-cssp pou ranpli yon aplikasyon sou entènèt oswa kontakte CareerCenter ki pi pre w la an pèsòn oswa nan 207-623-7981. Itilizatè TTY yo rele Maine Relay 711.

Èske w gen Kesyon? Voyer yo pa imèl bay CSSP.DOL@maine.gov.

